



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023




Penulis: Herlinda Pranandari
Ilustrator: Era Wijaya S.





Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023



Penulis: Herlinda Pranandari
Ilustrator: Era Wijaya S.



Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat surel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Udin

Penulis : Herlinda Pranandari
Ilustrator : Era Wijaya S.
Penerjemah : Herlinda Pranandari
Penyunting : Sri Sabakti
Penata letak : Era Wijaya S.

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-194-965-3 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Minion Pro.

ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.


Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Syarifudin, kulinakaparabUdin. Dheweke saiki wus kelas papat SD. Dheweke diparabi Udin merga dedeg-piadege memper karo paraga Udin. Semono uga polah tingkahe lan cara panganggone.

Wong tuwane Udin kalebu wong kesrakat. Uripe uga mung saanane. Nanging, Udin tetep sregep, jujur, lan ngajeni marang wong liya.

Senajan kulawargane mlarat, nanging Udin prigel ngetrepake unggah-ungguh kawit cilik. Semono uga simboke Udin kang aran Mbok Marni. Mbok Marni kang pakaryane mung buruh, tetep grapyak lan jujur. Bab iku kang ndadekake Udin lan Mbok Marni disenengi para warga.

Syarifudin, biasa dipanggil Udin. Dia sekarang sudah kelas 4 SD. Dia dipanggil Udin karena bentuk tubuhnya mirip tokoh Udin. Demikian juga sikap tingkah-lakunya dan cara berpakaianya.

Orang tua Udin termasuk orang kurang mampu. Hidupnya juga apa adanya. Namun, Udin tetap rajin, jujur, dan hormat terhadap orang lain.

Meskipun keluarganya miskin, Udin pandai menerapkan unggah-ungguh sejak kecil. Demikian juga ibu Udin, Mbok Marni. Mbok Marni yang pekerjaannya hanya buruh, tetap ramah dan jujur. Hal itu, yang menjadikan keluarga Udin disukai oleh para warga.



Udin mung urip wong loro karo simboke. Nalika dheweke umur telung taun bapake kapundhutsowan mring Gusti mergalara.

Mbok Marni, simboke Udin ora bisa tumindak apa-apa. Simboke kang pakaryane mung buruh ora bisa ngragati anggone golek tamba.

Dene puskesmas kang dadi rujukan masarakat, wektu kuwi papane adoh. Mula saka iku, Mbok Marni mung bisa pasrah marang kahanan.

Udin tinggal berdua bersama ibunya. Ketika dia berumur 3 tahun, bapaknya meninggal karena sakit.

Mbok Marni, ibunya Udin, tidak bisa berbuat apa-apa. Ibunya yang bekerja sebagai buruh tidak dapat membiayai pengobatan bapaknya.

Puskesmas yang ditunjuk untuk melayani masyarakat jaraknya jauh. Oleh karena itu, Mbok Marni hanya pasrah pada keadaan.

Desa Suka Makmur dununge adoh saka kutha kapanewon. Nanging, wus dadi rejekine warga desa ing kono, kabeh nduweni palemahan kang subur. Kahanan iku dadi panyengkuyung warga urip kanthi tetandur.

Dhele, sawijining tanduran kang cocok ing tlatah kasebut. Pranyata asil tetandur dhele ing Desa Suka Makmur bisa nyukupi uripe warga. Kualitas dhele kang diasilake uga ora bisa disepelake. Bab iku dadi pawadan pemerintah nyengkuyung warga supaya mepeng anggone tetandur dhele.

Desa Suka Makmur terletak jauh dari kota kecamatan. Akan tetapi, sudah menjadi rejeki bagi warga di daerah itu, mereka memiliki tanah luas yang subur. Kondisi tersebut menjadi pendukung bagi warga untuk hidup dengan cara bercocok tanam.

Kedelai merupakan salah satu jenis tanaman yang cocok ditanam daerah tersebut. Hal tersebut dibuktikan bahwa hasil tanaman kedelai di Desa Suka Makmur mampu mencukupi kehidupan warga. Kualitas kedelai yang dihasilkan juga tidak bisa disepelakan. Hal itu menjadi alasan bagi pemerintah untuk mendukung warga supaya lebih giat dalam bercocok tanam kedelai.

Wujud panyengkuyung pemerintah iku arupa panyuluhan kanthi ngundang narasumber kang mumpuni. Ancase supaya warga tambah wasis lan ngreti carane tetandur dhele kang becik.

Asile padha tetandur dhele para warga wus sumebar tekan njaba kutha. Bab iku ndadekake bakul saka njaba kutha padha ngideri desa. Para bakul mau padha ibut nganyang lan nukoni dhele.

Saya suwe saya regeng. Bakul saka njaba kutha padha gegancangan ngideri desa migunakake kendharaan *pick up*. Sakbanjure asile kekulak dhele iku didol kanthi rega luwih dhuwur.

Bentuk dorongan pemerintah tersebut berupa penyuluhan dengan mengundang narasumber ahli. Tujuannya agar warga menjadi pandai dan paham tentang cara bercocok tanam kedelai yang baik.

Hasil bercocok tanam kedelai para warga sudah menyebar sampai ke luar kota. Hal itu membuat pedagang dari luar kota datang untuk mengelilingi desa. Para pedagang tersebut sibuk menawarkan barang dagangan dan membeli kedelai.

Lama kelamaan semakin ramai. Pedagang dari luar kota berebut masuk dan mengelilingi desa dengan kendaraan *pick up*. Selanjutnya, dagangan yang mereka beli kemudian dijual dengan harga lebih tinggi.



Srengenge wus ngatonake ayune. Sakwise adus lan sarapan, Udin arep menyang sekolah. Dheweke pamitan lan njaluk pangestu marang simboke.

Kaya padatan, anggone menyang sekolah mung mlaku bebarengan karo kancane. Nanging, bab iku ora ndadekake nglokro anggone sinau. Kabeh dilakoni kanthi sumringah.

Nalika iku, Udin liwat daleme Mbah Mangun. Dumadakan Udin meruhi gendera merah-putih ing latar daleme Mbah Mangun ambruk kanginan.

Udin mandheg. Dheweke banjur mlebu palatarane Mbah Mangun sinambi jupuk cagak gendera mau. Kanca-kancane kang weruh ora peduli lan nerusake lakune.

Matahari sudah menampakkan cantiknya. Setelah mandi dan sarapan, Udin siap-siap berangkat ke sekolah. Dia berpamitan dan minta doa restu pada ibunya.

Seperti biasanya, Udin berangkat sekolah hanya berjalan kaki bersama teman-temannya. Akan tetapi, hal itu tidak menjadikan dia patah semangat ketika belajar. Semua dijalaninya dengan senang hati.

Pada saat itu, Udin melintas depan rumah Mbah Mangun. Tiba-tiba Udin melihat bendera merah-putih di halaman rumah Mbah Mangun jatuh tertiuip angin.

Udin berhenti. Dia memasuki halaman rumah Mbah Mangun kemudian mengambil tiang bendera tersebut. Teman-teman Udin yang melihat hal tersebut tidak peduli dan meneruskan langkahnya.

Temenan, ing sisih kulon dalan, Pak Darman nggatekake kang ditindakake Udin. Nalika iku, Pak Darman lagi lenggahan ing teras. Panjenengane lagi maos koran sinambi ngunjuk teh.

Weruh Pak Darman ing teras daleme, Udin aruh-aruh sinambi ngucap salam.

“Sugeng enjing, Pak!” Udin mesem sinambi ndhungklukake sirah.

“Iya, Le.... Ngati-ati yen mlaku ing dalan!” Pak Darman mangsuli.

“Inggih, Pak. Matur nuwun. Mangga!” wangsulane Udin cekak.

Ternyata, Pak Darman memperhatikan apa yang dilakukan Udin di sebelah barat jalan. Ketika itu, Pak Darman sedang duduk di teras. Dia sedang membaca buku sambil minum teh.

Saat melihat Pak Darman sedang duduk di teras rumahnya, Udin menyapa sambil mengucapkan salam.

“Selamat pagi, Pak!” Udin tersenyum sambil menundukkan kepalanya.

“Iya, Nak. Kalau berjalan hati-hati!” Pak Darman menjawab.

“Iya, pak. Terima kasih. Permisi!” jawab Udin singkat.

Wektu lumaku cepet. Kaya padatan, sawise mulih sekolah Udin mbiyantu ibune resik-resik. Sakwise rampung, dheweke age-age tumuju ing daleme Pak Darman. Niyate Udin mbiyantu simboke tumandang gawe ing kana.

Ing daleme Pak Darman, Udin mbiyantu reresik pelataran lan nyirami tetanduran. Udin kalebu bocah kang ora bisa anteng. Nalika nyapu, dumadakan Udin nemu bundhelan plastik isi dhuwit ing cedhak lemari.

Waktu berjalan begitu cepat. Seperti biasanya, setelah pulang sekolah Udin membantu ibunya memberes rumah. Setelah selesai, dia segera ke rumah Pak Darman. Niat hatinya ingin membantu ibunya untuk menyelesaikan pekerjaan di rumah Pak Darman.

Di rumahnya Pak Darman, Udin membersihkan halaman rumah dan menyirami tanaman. Udin termasuk anak yang tidak bisa diam. Ketika menyapu, tiba-tiba Udin menemukan bungkus plastik berisi uang di dekat almari.



“Nyuwun pangapunten, Pak!” ature Udin sinambi ndhodhog omah sisih kidul.

“Punika kula nemokaken arta wonten griya wingking celak lemari.”

Udin nyaosake dhuwit kang dibundheli plastik. Dhuwit mau sajake nggregeli nalika dietung. Pak Darman kang lagi tumandang gawe karo rewange age nyedaki.

“Wo iya Le, matur nuwun ya!” wangsulane cekak. Udin mung mesem sinambi manthuk.

“Duh..., bocah kok ndemenakake temen. Isih cilik wus mudheng subasita, jujur, lan tanggung jawab.”

“Inggih Pak, Udin panci lare ingkang sopan santun”.

“Sregep tumandang gawe ugi jujur,” ucape.

“Mbenjang menawi piyambakipun dados pemimpin, warganipun saged mulya,” pangucapewu rewang liyane.

“Mohon maaf, Pak!” kata Udin sambil mengetuk pintu rumah sebelah selatan.

“Saya menemukan uang ini di rumah belakang dekat almari”.

Udin memberikan uang yang terbungkus plastik tersebut. Sepertinya uang tersebut jatuh ketika dihitung. Pak Darman yang sedang bekerja dengan pembantunya segera mendekati Udin.

“Wo iya, Nak,. Terima kasih, ya!” jawabnya singkat. Udin hanya tersenyum sembari mengangguk.

“Duh..., anak kecil kok baik sekali. Masih kecil, tetapi ia sudah pandai menerapkan unggah-ungguh, jujur, dan tanggung jawab.”

“Iya, Pak. Udin memang anak yang sopan santun.”

“Dia rajin bekerja dan juga jujur,” tambahnya.

“Besok kalau sudah besar dan jadi pemimpin, masyarakatnya pasti sejahtera,” kata pembantu lainnya.

Wektu wus nuduhake jam papat sore. Sakdurunge mulih, Mbok Marni pamitan luwih dhisik marang Pak Darman.

“Nuwun sewu, Pak. Punika dhaharan kagem sonten sampun cumawis wonten dalem wingking.”

“Lajeng sakpunika kula nyuwun pamit badhe wangsul rumiyin,” kandhane.

“Iya Mbok, matur nuwun. Coba lungguha sedhela!” Pak Darman ngandharake karepe.

Mak dheg!! Atine Mbok Marni goreh. Pak Darman ngendika menawa kepengin ngangkat Udin dadi anake. Mbok Marni bingung. Sejatine ana kekarepan sesuk anake dadi wong sukses. Nanging, dheweke uga ora kepengin yen kudu pisah marang anake.

Pak Darman mangerti yen Mbok Marni goreh atine. Pak Darman ngendika menawa ngangkat anak ora kudu urip dadi siji. Nanging, Pak Darman mung kepengin nragadi keperluan sekolahe. Ing angen-angene muga mbesuk bisa dadi wong sukses.

Waktu sudah menunjukkan pukul empat sore. Sebelum pulang, Mbok Marni mau pamit terlebih dahulu pada Pak Darman.

“Permisi Pak, makanan untuk sore hari sudah siap di rumah belakang.”

“Sekarang saya mau pamit,” ucapnya.

“Iya Mbok, terima kasih. Coba duduklah sebentar!” Pak Darman menyampaikan niatnya.

Deg! Mbok Marni tidak tenang perasaannya. Pak Darman menyampaikan keinginannya untuk mengangkat Udin menjadi anaknya. Mbok Marni bingung. Sebenarnya Mbok Marni mempunyai keinginan agar besok anaknya bisa menjadi orang yang sukses. Akan tetapi, dia juga tidak ingin jika harus berpisah dengan anaknya.

Pak Darman bisa memahami jika Mbok Marni bingung hatinya. Pak Darman berkata jika mengangkat anak itu tidak harus tinggal dalam satu rumah. Akan tetapi, Pak Darman hanya ingin membiayai keperluan sekolahnya. Di dalam benaknya berharap semoga besok Udin bisa menjadi orang yang sukses.

Dina wis gumanti dina, taun uga gumanti taun. Nalika ing pategalan, adate ana warga kang nggawa radhio sinambi tumandang gawe. Radhio kasebut disetel yen lagi ngaso, jagongan sinambi ngunjuk benteran.

Esuk iku, pawarta ing radhio martakake kabar bab Desa Suka Makmur kang kasil nandur dhele.

Ing bale desa, warga uga padha krungu pawarta kasebut. Semono uga para sesepuh desa. Mula, pawarta kasebut wiwit regeng dadi guneman.

Hari berganti hari, tahun berganti tahun. Ketika di ladang, ada warga yang biasa membawa radio saat bekerja. Radio tersebut dinyalakan ketika sedang istirahat, mereka berbincang-bincang sambil minum minuman panas.

Pagi itu, berita di radioewartakan kabar tentang Desa Suka Makmur yang sukses bercocok tanam kedelai.

Di balai desa, warga juga sudah mendengar berita tersebut. Demikian juga para pemimpin desa. Oleh karena itu, berita tersebut mulai gencar menjadi omongan warga.




Kawit saka kahanan iku, sithik mbaka sithik Desa Suka Makmur dadi reja. Dalan tumuju ing desa kang wiwite sepi, ciyut pating brongkal dadi regeng. Kejaba iku, dalane saiki dadi rata amba. Pasar desa kang mbiyen sepi saiki dadi rame, gayeng.

Nanging, kahanan mau pranyata durung imbang karo pemikiran warga. Para warga mung mbanyu mili ngenut kahanan. Ewasemana, rega dhele ing njaba kutha mumbul dhuwur saka rega kulakan.

Berawal dari kondisi tersebut, sedikit demi sedikit Desa Suka Makmur menjadi hidup sejahtera. Jalan menuju desa yang semula sepi, sempit, dan terjal menjadi ramai. Selain itu, sekarang kondisi jalan menjadi halus dan luas. Pasar desa yang semula sepi kini menjadi ramai.

Akan tetapi, kemajuan kondisi desa tersebut ternyata belum seimbang dengan pemikiran warga. Para warga hanya hidup mengalir mengikuti arus. Meskipun demikian, harga kedelai di luar kota melesat tinggi dari harga beli.



Nyawang desane kang gayeng, ndadekake panyurung angen-angene Udin. Dheweke rumangsa kejawil supaya mbiyantu warga ing desane. Ing pikirane, dheweke kepengin ngangkat drajat warga ing desane supaya luwih makmur.

Udin lagi wae rampung luru ilmu ing kutha. Nanging, Udin kepengin enggal mbagekake ngelmu kang digayuh kasebut mring sapa padha-padha.

Dina candhake, Udin age-age budhal sowan ing daleme Pak Darman. Dheweke ngandharake apa sing dadi sedyane. Pak Darmannyarujuk marang gagasane Udin.

Ketika melihat kondisi desanya yang ramai tersebut, angan-angan Udin terdorong. Dia merasa terpanggil untuk membantu warga di desanya. Dalam pikirannya, dia ingin mengangkat derajat warga desanya supaya lebih sejahtera hidupnya.

Udin baru saja lulus menuntut ilmu di kota. Namun, Udin ingin sekali membagikan ilmu yang diperoleh tersebut kepada sesama.

Hari berikutnya, Udin bergegas bertamu ke rumahnya Pak Darman. Dia menyampaikan apa yang menjadi niat dan keinginannya. Pak Darman menyetujui gagasan Udin.

Jam wolu esuk, warga diaturi kumpul ing bale desa saperlu rembugan. Wiwitane, akeh warga kang durung padha obah atine. Isih akeh kang mbegegeg. Nanging, Pak Darman enggal ngandharake angka kang bakal dituju.

Siji mbaka siji para warga padha kebukak atine. Tundhone, para warga padha sarujuk. Udin rumangsa lega merga warga desa padha saguh bebarengan njunjung desane.

Pukul delapan pagi, warga diminta berkumpul di balai desa untuk bermusyawarah. Pada mulanya, banyak warga yang belum tergerak hatinya. Masih banyak warga yang hanya duduk diam terpaku. Saat melihat hal itu, Pak Darman segera menyampaikan apa yang menjadi arah tujuan.

Satu persatu para warga mulai terbuka hatinya. Akhirnya, semua warga setuju. Udin merasa lega di dalam hati karena warga desa mau bersatu mengangkat kesejahteraan desanya.

Dina Minggu esuk, ing bale desa para warga wus padha kumpul. Udin ngajak para warga sinau bebarengan bab carane ngolah tempe.

Udin ngandharake menawa tempe kalebu panganan kang bisa kanggo lawuh sedina-dina. Kejaba iku, tempe uga ngandhut gizi kang dhuwur, salah sijine yaiku protein.

“Bapak, Ibu sejatosipun damel tempe punika prasaja!” ature Udin.

“Proses kasebut mbetahaken wekdal kirang langkung tigang dinten!” Udin nerusake atur.

“Dene prosesipun kirang langkung kados mekaten!” kandhane gamblang.

Hari Minggu pagi, di balai desa para warga sudah berkumpul. Udin mengajak para warga untuk belajar bersama-sama tentang cara mengolah kedelai menjadi tempe.

Udin menyampaikan bahwa tempe termasuk makanan yang bisa dikonsumsi sehari-hari. Selain itu, tempe juga mengandung gizi tinggi, salah satunya yaitu protein.

“Bapak Ibu, sebenarnya cara membuat tempe itu hanya sederhana!” ucap Udin.


“Proses tersebut membutuhkan waktu kurang lebih tiga hari” Udin melanjutkan kata-katanya.

“Prosesnya kurang lebih seperti berikut ini!” ucapnya jelas.


1




2



3




4



5



6



7



8



“Inkang kapisan, dhele inkang sampun dipunkumbah resik lajeng dipungodhog antawis 30 menit!”

“Kaping kalih, dhele kalawau dipunekum kirang langkung sewengi nutug!”

“Kaping tiga, kulit dhele dipunonceki resik!”

“Kaping sekawan, dhele dipunadang ngantos tanak, mateng!”

“Saksampunipun, dhele dipunetus ngantos adhem saha garing!”

“Saklajengipun, dhele inkang sampun mateng wau dipunwuwuhi ragi!”

“Dene takeranipun setunggal bandhing setunggal, ateges setunggal kilo dhele raginipun setunggal gram!”

“Saklajengipun dhele inkang sampun sumadya wau dipunwungkus migunakaken ron pisang lajeng dipunimbu!”

“Kirang langkung kalih dinten tempe sampun saged dipunolah!”

“Punika kalawau proses fermentasi¹ ngolah dhele dados tempe!” ngendikane Pak Darman.

Ing batin, Udin rumangsa seneng. Pungkasane, warga desa padha grengseng nanggapi apa kang diandharake iku.

“Yang pertama, kedelai yang sudah dicuci bersih lalu direbus kurang lebih 30 menit!”

“Kedua, kedelai yang sudah direbus tersebut direndam kurang lebih semalam penuh!”

“Ketiga, kulit ari kedelai dikupas sampai bersih!”

“Keempat, kedelai ditanak hingga matang!”

“Setelah itu, kedelai yang sudah matang tadi ditiriskan sampai dingin dan mengering!”

“Setelah itu, kedelai yang sudah matang tadi ditambahkan ragi!”

“Takarannya adalah 1:1, maksudnya 1 kilogram kedelai diberi ragi 1 gram!”

“Setelah diberi ragi, kedelai siap dibungkus dengan menggunakan daun pisang kemudian diperam!”

“Kurang lebih 2 hari tempe baru bisa dikonsumsi!”

“Demikian tadi proses fermentasi¹ mengolah kedelai menjadi tempe!” kata Pak Darman.

Di dalam hati, Udin merasa senang. Akhirnya, warga desa bersemangat dalam menanggapi apa yang disampaikan tersebut.

1. Fermentasi: yaiku proses kimiawi, dumadine tempe saka dhele kang dirageni.



Kurang luwih seminggu, Udin mbiyantu nyawisake piranti kang dibutuhake kanggo gawe tempe. Wiwit saka bahan dhasare, yaiku dhele kang pinilih. Tumekane bab wragad kang dibutuhake. Bab kasebut nduweni tujuan kanggo njaga mutu tempe.

Udakara setahun, kegiatan kasebut lumaku. Sakabehe tempe kang diasilake warga desa sumadhiya dikirim menyang njaba kutha. Akeh kutha kang rumangsa marem tuku tempe saka Desa Suka Makmur. Jare, tempene enak, ora kecing, tur regane uga murah.

Pak Darman rumangsa mongkog. Ing batine, dheweke rumangsa lega bisa mbiyantu bocah desa dadi wong kang migunani. Dheweke nyawang bocah desa kang akire isa ngangkat drajat wargane dadi raja lan mulya.

Kurang lebih dalam kurun 1 minggu, Udin membantu warga untuk menyiapkan perlengkapan yang dibutuhkan dalam proses pembuatan tempe. Mulai dari bahan dasarnya, yaitu pemilihan kedelai. Sampai bab pembiayaan yang dibutuhkan oleh warga. Hal tersebut bertujuan untuk menjaga kualitas tempe yang dibuat.

Kira-kira dalam kurun 1 tahun, kegiatan tersebut berjalan. Semua produksi tempe yang dihasilkan oleh warga desa siap dikirim ke luar kota. Banyak warga dari kota merasa puas karena membeli tempe produksi Desa Suka Makmur. Mereka mengatakan, tempene enak, tidak bau, dan harganya juga murah.

Pak Darman merasa bangga. Dalam batinnya, ia merasa lega bisa membantu anak desa itu sehingga menjadi orang yang berguna bagi sesama. Dia menyaksikan bahwa anak desa tersebut akhirnya bisa mengangkat derajat warganya menjadi hidup makmur sejahtera.

Biodata

Herlinda Pranandari



Herlinda Pranandari, lahir di Magelang tanggal 18 Desember 1982. Saat ini tinggal di Godean, Yogyakarta. Lulusan S1 UNY jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ini bekerja di SMP Negeri 2 Mlati, Sleman, Yogyakarta. Hobinya membaca buku. Saat ini dia ingin belajar menulis sebagai pekerjaan sampingan. Beberapa hasil latihan menulisnya berhasil dimuat di majalah Jawa *Djaka Lodang*, ada juga yang dimuat di *Kedaulatan Rakyat*. Tulisan di buku hasil sayembara ini juga sebagai salah satu karyanya.

Era Wijaya S.




Adalah seorang sarjana arsitektur yang kini menjalani karir sebagai ilustrator buku anak. Kak Era juga berkarir sebagai penulis, konten kreator, dan pendongeng. Ia sudah beberapa kali bergabung dalam proyek Kemendikbudristek RI. Kak Era bisa dihubungi melalui posel erawijayast@gmail.com dan akun media sosial instagram @erawijayas.

Sri Sabakti



Sri Sabakti dilahirkan di Sragen, Jawa Tengah. Sejak 1998 hingga pertengahan tahun 2020, ia menjadi PNS di Balai Bahasa Provinsi Riau. Pada bulan Juli 2020, ia kemudian pindah ke Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta hingga saat ini. Keterlibatan dalam dunia sastra, di antaranya ia telah menulis buku bacaan untuk anak dengan judul *Kisah Burung Udang dan Ikan Toman* (2017) dan *21 Cerita Rakyat Bumi Lancang Kuning* (2010). Selain itu, ia juga membuat karya tulis yang dimuat di beberapa jurnal dan surat kabar.

Dalam dunia penyuntingan, Sri Sabakti beberapa kali dilibatkan dalam tim penyuntingan di Balai Bahasa DIY. Ia dilibatkan untuk menyunting karya sastra hasil sayembara yang dilaksanakan oleh Balai Bahasa DIY, khususnya cerita anak, baik yang berbahasa Jawa maupun berbahasa Indonesia (2021–2023).



**MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN**



Udin adalah anak dari keluarga yang kurang mampu. Meskipun begitu, Udin adalah seorang yang jujur dan pandai dalam unggah-ungguh. Pak Darman mempunyai keinginan untuk mengadopsi dan menyekolahkan Udin sampai lulus. Beberapa tahun kemudian, Udin telah lulus. Udin memiliki cita-cita untuk mengubah perekonomian warga desa dengan mengolah kedelai menjadi tempe. Apakah usaha Udin berhasil?

ISBN 978-623-194-965-3 (PDF)



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**